



Pou Piblikasyon Imedya: 08/01/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 2 MILYON DOLA POU SIPÒTE EFÒ PREVANSYON KONT SWISID POU VETERAN AK PÈSONÈL KI GEN INIFÒM YO

Inisyativ CARES UP la Bay 60,000 dola pou òganizasyon veteran yo; ajans premye sekouris ak ajans koreksyonèl yo pou aplike fòmasyon sou twomatiz ak byennèt mantal

Bidjè Ane Fiskal 2025 Gouvènè a double finansman pou pwogram lan pou sipòte ofisye fòs lòd yo, ponpye yo, manm sèvis medikal ijans yo, ofisye koreksyonèl yo, ak veteran militè yo

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a disponiblite jiska 2 milyon dola pou elaji efò prevansyon kont swisid ak efò rezistans pami veteran militè yo ak pèsonèl ki gen inifòm yo, ki gen ladan fòs lòd yo, ponpye, pèsonèl sèvis medikal ijans, ofisye koreksyonèl, ak repatitè ijans yo. Administratè atravè [Sant Prevansyon Swisid nan Nouyòk](#) (Suicide Prevention Center of New York) Biwo Sante Mantal (Office of Mental Health, OMH) Nouyòk la, inisyativ [CARES UP](#) la bay finansman pou ajans ak òganizasyon yo pou ogmante pwogram prevansyon swisid ak byennèt la nan ran yo.

"Manm sèvis nou yo ak premye sekouris yo rankontre yon gwo kantite twomatiz ak estrès nan travay la, e sa ka afekte byennèt mantal yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Finansman atravè inisyativ CARES UP la ap ede òganizasyon ak ajans yo atravè Eta a pou enkòpore detèminasyon ak byennèt mantal nan pwogram yo, pou asire moun sa yo ka jwenn èd ak sipò yo merite e yo bezwen."

Pwogram CARES UP la bay 30,000 dola, pou chak disiplin, chak ane sou dezan pou ogmante efò prevansyon kont swisid ak pwogram byennèt nan ajans pa yo. Gouvènè Hochul te reyisi double finansman pou pwogram lan nan Bidjè Eta pou Ane Fiskal 2025 la, sa k ap ogmante li a 2 milyon dola chak ane epi pèmèt OMH elaji elijibilite pou repatitè ijans yo.

Ajans premye sekouris yo travay kole ak Sant Prevansyon kont Swisid pou resevwa fòmasyon nan men ekspè nasyon yo sou sijè tankou rezistans, sante mantal ak byennèt, prevansyon swisid ak sipò ant kanmarad epi aplike aksyon ki espesifik ak ajans yo pou adrese bezwen inik pa yo. Egzanp yo enkli achte aplikasyon sante mantal

oswa aplikasyon byennèt pou anplwaye pa yo ak fanmi yo, òganize fòmasyon sou byennèt, ak agrandi resous entèn pou sipò ant kanmarad.

Inisyativ la bay sibvansyon sa yo tou pou sipòte òganizasyon veteran yo atravè [Onward Ops](#). Òganizasyon k ap resevwa yo sèvi ak finansman an pou ankouraje byennèt sosyal manm sèvis k ap retounen nan kominote pa yo apre yo fin akonpli devwa pa yo.

Komisè Biwo Sante Mantal la, Doktè Ann Sullivan, te deklare, "CARES UP ankouraje byennèt mantal pozitif ak swen pèsònèl pou Nouyòkè ki riske pwòp sekirite pa yo pou pwoteje kominote nou yo. Asistans sa a ka vital pou moun ki rankontre estrès ak twomatiz nan kad travay yo pandan y ap travay pou trete eksperyans pa yo. Sipò kontinyèl Gouvènè Hochul pou pwogram sa a montre angajman l pou l ede veteran nou yo ak premye sekouris yo ak fanmi pa yo."

Senatè Eta, Samra G. Brouk, te deklare, "Depi lè mwen te antre an fonksyon, mwen te goumen pou elaji aksè ak resous sante mantal enpòtan pou veteran nou yo nan distri ak eta mwen an. Veteran yo reprezante plis pase 11 pousan swisid nan Eta Nouyòk— yo bezwen plis entèvansyon vital ak sipò ant kanmarad. Mèsi Gouvènè Hochul paske li te investi nan efò prevansyon swisid pou veteran yo ak premye sekouris yo lè li priyore byennèt mantal ki pran an konsiderasyon twomatiz."

Senatè Eta Jessica Scarcella-Spanton te deklare, "Chak jou, 22 veteran trajikman retire pwòp lavi pa yo, sa ki souliye bezwen ijan pou adrese kriz sante mantal nan kominote veteran an. Antanke Prezidan Komite Veteran, Sekirite Enteryè, ak Afè Militè (Veterans, Homeland Security, and Military Affairs Committee) nan Sena Nouyòk la— epi antanke madanm yon veteran lame—mwen te temwen pèsònèlman defi imans veteran nou yo rankontre lè yo retounen lakay yo apre deplwaman. Mwen konprann tou gwo chay ki sou do premye sekouris nou yo, ki riske lavi yo chak jou pou pwoteje ak sove lòt moun, souvan nan detriman pwòp sante mantal pa yo. Apèl pou aksyon Gouvènè Hochul atravè finansman sa a se yon etap enpòtan nan abòde kriz sa a. Lè nou redwi estigma ki antoure swisid la epi ogmante sipò pou veteran ki gen risk ak premye sekouris yo, Nouyòk ap trase chemen an. 2 milyon dola nan finansman atravè inisyativ Cares Up la pral bay ajans yo ak òganizasyon yo pouvwa pou yo ranfòse efò prevansyon kont swisid yo epi devlope pwogram byennèt ki fè yon diferans dirab nan lavi moun ki sèvi kominote nou yo ak nasyon nou an."

Yo te bay premye gwoup prim CARES UP la an 2022. Ane pase a, CARES UP te lanse yon dezyèm gwoup, ki bay finansman pou 15 òganizasyon – ki gen ladan twa eskwad EMS, senk ajans fòs lòd, yon departman ponpye, ak yon departman koreksyonèl – ak twa òganizasyon k ap sèvi veteran yo.

Etid yo montre estrès ak chòk kimilatif yo komen nan pwofesyon pèsònèl ki gen inifòm yo epi yo mete moun sa yo nan pi gwo risk pou yo swiside. Premye sekouris yo te gen plis chans pou yo mouri nan swisid ke nan fonksyon yo, [dapre yon etid resan](#).

Menm jan an tou, veteran Nouyòk mouri nan swisid nan yon to ki prèske de fwa pi wo pase sivil yo –yon to ki te rete relativman san chanjman depi 2012. Veteran ki poko gen 55 an toujou fè eksperyans pi gwo pousantaj swisid nan Nouyòk

Komisè Depatman Sèvis Veteran Eta Nouyòk la (New York State Department of Veterans' Services), Viviana DeCohen, te deklare, "Angajman san fay Gouvènè Hochul pou sante mantal ak byennèt Veteran nou yo ak pèsonèl ki gen inifòm yo ap fè yon diferans pozitif epi y ap sove anpil lavi. Pwogram CARES UP la ap asire ke moun ki dedye lavi yo pou sèvi ak pwoteje nasyon nou an ak kominote yo resevwa sipò yo bezwen pou fè fas ak estrès inik ak twomatiz y ap rankontre yo. Investisman san parèy Gouvènè a nan CARES UP pral san dout sove lavi epi ranfòse rezistans ewo nou yo. Mwen remèsye Gouvènè a pou lidèchip kontinyèl li nan satisfè bezwen Veteran, Manm Sèvis, Fanmi Militè Nouyòk yo, ak tout moun k ap pwoteje ak sèvi yo."

Komisè Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis pou Ijans lan (Division of Homeland Security and Emergency Services), Jackie Bray, te deklare, "Premye sekouris nou yo fè fas a sitiyasyon chak jou ke lòt moun pa t kapab imajine, e li enpòtan anpil pou yo ba yo resous ki nesèsè pou yo kenbe tèt yo byen mantalman. Efò sa yo pral kontribiye anpil nan adrese bezwen sa yo pou nou ka ede kenbe premye sekouris nou yo an sekirite menm jan yo kenbe nou."

Komisè Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl la (Division of Criminal Justice Services, DCJS), Rossana Rosado, te deklare, "Asire byennèt gason ak fanm ki dedye karyè yo pou sèvi peyi yo gen yon enpòtan kapital Nan DCJS, nou te entegre sijè sa yo nan fòmasyon debaz ak kou pou devlopman aptitud pou ede asire ke pwofesyonèl fòs lòd eta nou an gen edikasyon, zouti ak resous ki nesèsè pou kenbe sante fizik ak mantal yo fas ak gwo estrès, epi konnen ki kote yo ka jwenn sipò si yo bezwen li."

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)